

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan: (1) lokasi jeung sumber data panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) métode panalungtikan, (4) wangenan operasional, (5) instrumen panalungtikan, (6) téhnik ngumpulkeun data, jeung (7) analisis data.

#### **3.1 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan**

##### **3.1.1 Lokasi Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung. SMP Negeri 1 Margahayu perenahna di Jalan Kopo No.397 Kecamatan Margahayu Kabupatén Bandung.

##### **3.1.2 Sumber Data**

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu taun ajaran 2013/2014 anu jumlahna aya 32 urang siswa, 14 urang lalaki, sarta 18 urang awéwé.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Ieu panalungtikan ngagunakeun desain *One-group pratés and posttest design*. Desain ieu leuwih dipikawanoh salaku desain saméméh jeung sabada kalawan struktur desain saperti ieu di handap:

O1 X O2

Keterangan:

O1: pratés

X : *treatment* (modél pangajaran *Webbed*)

O2: postés

(Arikunto, 2010, kc.212)

**Sarah Sri Rahayu, 2014**

**Modél Pangajaran Webbed pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi :  
Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun  
Ajaran 2013/2014**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode nu dipaké pikeun ngahontal tujuan ieu panalungtikan nyaéta méthode kuasi ékspérimén atawa éképérimén semu. Méthode kuasi ékspérimén nyaéta salasahiji méthode panalungtikan anu dina nangtukeun sumber datana teu maké cara *random*. Lian ti éta, ieu méthode ogé mangrupa méthode anu digunakeun dina sakelas, hartina ngan aya kelas ékspérimén hungkul teu maké kelas kontrol.

Méthode kuasi ékspérimén miboga tujuan pikeun mikanyaho kumaha kamampuh awal siswa dina nulis pangalaman pribadi saméméh dibéré *treatment* jeung kamampuh ahir siswa dina nulis pangalaman pribadi sabada dibéré *treatment* postés.

### 3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré, boh pedarana boh dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, aya sawatara istilah nu kudu diperhatikeun nu aya patalina jeung judul panalungtikan, sakumaha ieu di handap:

- 1) Modél pangajaran *Webbed* mangrupa turunan tina modél pembelajaran *terpadu* anu maké pamarekan tématik. Ieu pamarekan dimimitian ku nangtukeun téma nu tangtu. Dina nangtukeun téma bisa ku cara diskusi antara guru jeung siswa, tapi bisa ogé diskusi jeung sasama guru. Sanggeus téma disaluyuan, dimekarkeun sub-sub témana ku niténan patalina jeung widang-widang pangajaran séjén. Dina ieu sub-sub téma dimekarkeun aktivitas diajar nu kudu dilakonan ku siswa. (Trianto, 2012, kc. 39).
- 2) Kamampuh nulis pangalaman pribadi nyaéta hiji kaparigelan siswa dina nyaritakeun pangalaman pribadina kalawan ngagunakeun dua kategori, nyaéta kategori linguisitik jeung kategori *non* linguistik. Kategori linguistik ngawengku éjahan jeung adegan basa. Ari kategori *non*-linguistik ngawengku eusi tulisan jeung struktur tulisan.

Jadi anu dimaksud tina judul panalungtikan “Modél Pangajaran *Webbed* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi” nyaéta kagiatan diajar pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi ngagunakeun modél pangajaran *Webbed*. Siswa ditungtut pikeun leuwih fokus ogé taliti dina

*Sarah Sri Rahayu, 2014*

**Modél Pangajaran *Webbed* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi : Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2013/2014**

niténan hiji hal atawa hiji pasualan nu pernah kaalaman, nu aya patalina jeung widang pelajaran séjén.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun instrumen tés tulis. Tés tulis dilaksanakeun dua kali, nyaéta nu awal pratés pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun modél pangajaran *webbed*, jeung tés tulis ahir postés pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi sabada ngagunakeun modél pangajaran *webbed*. Ari anu jadi tolak ukur pikeun méré skor nyaéta parigel henteuna siswa dina kamampuh linguistik jeung *non-linguistik* dina nulis pangalaman pribadi.

Sangkan siswa bisa ngerjakeun pancén saluyu jung nu dipiharep, ku kituna kudu aya lembar paréntah nulis pangalaman pribadi.

#### Lembar Paréntah

#### TES NULIS PANGALAMAN PRIBADI

Hidep tangtu miboga pangalaman nalika diajar di sakola, éta pangalaman téh aya nu pikabungaheun, pikasediheun, pikaseurieun, pikasebeleun, ogé pikaambekkeun. Éta pangalaman téh pék ku hidep caritakeun dina wangun tinulis. Pangalaman nu rék dicaritakeun nya éta pangalaman nalika hidep diajar pelajaran IPA (Fisika, Kimia, jeung Biologi), PJOK, atawa basa Inggris. Saméméh ngamimitian, tangtukeun heula:

- a. Tema
- b. Judul
- c. Raraga karangan

## Lembar Tulisan Pangalaman Pribadi

**Wasta** :

**Kelas** :

A large rounded rectangular box with a black border, containing 20 horizontal dotted lines for writing. The lines are evenly spaced and extend across most of the width of the box.

### **3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Téhnik tés dipaké pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi boh data saméméh boh data sabada dibéré*treatment* ka siswa dina prosés pangajaran nulis pangalaman pribadi. Ieu data bisa dimeunangkeun ngaliwatan hiji ukuran kalawan ngagunakeun téhnik tés.

Prosedur tés dilakukeun saméméh dibéré*treatment*. Tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa dina nulis pangalaman pribadi. Ari téhnik tés dilakukeun sabada ayana *treatment*. Tujuanna pikeun ngukur kabhasilan pangajaran nulis pangalaman pribadi ngagunakeun modél pangajaran *Webbed*.

Kahontalna tujuan pangajaran nulis pangalaman pribadi bisa katitén ku cara ngabandingkeun hasil pratés jeung hasil postés nalika panalungtikan lumangsung.

### **3.7 Analisis Data**

#### **3.7.1 Tahap Tatahar**

Nu dilaksanakeun dina tahap tatahar nyaéta studi *pendahuluan* ka SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung kelas VII B ngeunaan prosés pangajaran nulis pangalaman pribadi.

#### **3.7.2 Tahap Ngolah Data**

Téhnik anu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun léngkah-léngkah:

- 1) Mariksa hasil tulisan pangalaman pribadi siswa pratés jeung postés. Aspék nu diajénnyaéta: éjahan, adegan basa, eusi, jeung struktur eusi.

Tabél 3.1  
Kritéria Meunteun Hasil Tulisan

Wasta :

Kelas :

Aspék	skor	kriteria
(1)	(2)	(3)
Éjahan	5	HADÉ PISAN Ngawasa kana éjahan, kasalahan dina éjahan ngan saeutik.
	4	HADE Ngawasa kana éjahan tapi sakapeung sok aya kasalahan dina éjahan.
	3	SEDENG Kasalahan dina éjahan mindeng kajadian.
	2	KURANG Teu ngawasa kana éjahan, tulisan hésé dibaca.
	1	KURANG PISAN Teu ngarti pisan kana éjahan, tulisan teu kabaca pisan.
Adegan basa	5	HADÉ PISAN kalimah nu digunakeun éféktif, pilihan kecap merenah.
	4	HADÉ Kalimah nu digunakeun éféktif, aya sababaraha kecap nu kurang merenah.
	3	SEDENG Kalimah nu digunakeun kurang éféktif, loba kekecapan anu kurang merenah, aya sababaraha kecap nu kamalayan.
	2	KURANG Kalimah nu digunakeun teu éféktif, pilihan kecapna asal-asalan, loba kecap nu kamalayan.
	1	KURANG PISAN Kalimah loba nu teu nyambung, teu kaharti.
	5	HADÉ PISAN Aya kasaluyuan antara téma jeung eusi.
	4	HADÉ Téma jeung eusi saluyu tapi kaya kalimah anu teu kudu ditulis.

Sarah Sri Rahayu, 2014

Modél Pangajaran Webbedpikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi :  
Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun  
Ajaran 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



(1)	(2)	(3)
Eusi	3	SEDENG Téma jeung eusi kurang saluyu.
	2	KURANG Téma jeung eusi teu saluyu
	1	KURANG PISAN Téma jeung eusi ngaler ngidul.
Struktur eusi	5	HADÉ PISAN Eusi dimekarkeun kalawan jéntré tur sistematis, aya kohési jeung kohérénsi antarparagraf.
	4	HADÉ Eusi dimekarkeun kalawan sistematis tapi kurang jelas, aya kohési jeung kohérénsi antarparagraf.
	3	SEDENG Eusi kurang jéntré tur kurang sistematis, kohési jeung kohérénsi antarparagraf ogé kurang.
	2	KURANG Eusi teu jéntré tur kurang sistematis, teu aya kohési jeung kohérénsi antarparagraf.
	1	KURANG PISAN Eusi teu jéntré tur teu sistematis, antarparagraf teu kohési jeung kohérénsi.

Harfield, spk.(dina Nurgiantoro, 2010, kc. 441-442) kalayan disaluyukeun kritéria katut skorna.

- 2) Méré peunteun kana tulisan pangalaman pribadi siswa pratés jeung postés, ku cara:

$$\text{Skor atah} = \frac{\text{skor kahontal}}{\text{skor maksimal}} \times 100$$

Keterangan :

KKM : 75

skor maksimal : 20

*Sarah Sri Rahayu, 2014*

*Modél Pangajaran Webbedpikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi : Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2013/2014*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu





dianalisis. Ari nganalisisna bisa ku cara ngagunakeun statistik parametris atawa statistik *non*-parametris. Data nu dipaké nyaéta hasil tés nulis pangalaman pribadi siswa nalika pratés jeung postés. Pikeun nguji normal henteuna data, digunakeun rumus *chi* kuadrat ( $\chi^2$ )

Saméméh ngagunakeun rumus *chi* kuadrat ( $\chi^2$ ), aya sababaraha léngkah nu kudu dilaksanakeun, nyaéta :

a) Nangtukeun skor panggedéna jeung pangleutikna. Éta skor ditingali tina hasil nulis pangalaman pribadi siswa.

b) Nangtukeun *range*

*Range* nyaéta selisih data nu panggedéna (maksimum) jeung data nu pangleutikna (minimum). Rumusna nyaéta :

$$R = X_{\text{maks}} - X_{\text{min}}$$

Keterangan:

R : *range* atawa jangkauan  
 $X_{\text{maks}}$  : skor panggedéna  
 $X_{\text{min}}$  : skor pangleutikna

c) Nangtukeun jumlah kelas interval (K) ku cara ngagunakeun *aturan stuges*, nyaéta :

$$K = 1 + 3,3 \text{ Log } n$$

Keterangan :

K : lobana kelas  
n : lobana data  
3,3 : bilangan konstan

d) Nangtukeun Interval Kelas

**Sarah Sri Rahayu, 2014**

**Modél Pangajaran Webbedpikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi :  
Studi Kuasi Éksperimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun  
Ajaran 2013/2014**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Interval kelas atawa panjang kelas nyaéta selisih data nu panggedéna jeung data pangleutikna dibagi ku lobana kelas. Rumusna nyaéta:

$$P = \frac{R}{K}$$

Keterangan :

- P : interval kelas  
 R : *range* atawa jangkauan  
 K : lonaba kelas

(Subana, 2000, kc. 38 - 40)

e) Nyieun tabél distribusi frékuensi peunteun pratésjeung postés.

Tabél 3.3  
 Distribusi Frékuensi Peunteun

No.	Interval Kelas	F <sub>i</sub>	X <sub>i</sub>	X <sub>i</sub> <sup>2</sup>	F <sub>i</sub> X <sub>i</sub>	F <sub>i</sub> X <sub>i</sub> <sup>2</sup>
Σ						

Keterangan :

- F<sub>i</sub> : jumlah data  
 X<sub>i</sub> : nilai tengah

f) Ngitung rata-rata (*mean*) skor pratésjeung postés siswa. Rumusna nyaéta:

$$\bar{X} = \frac{\sum fxi}{\sum fi}$$

Keterangan :

- X : rata-rata (*mean*)
- $\Sigma$  : jumlah (sigma)
- f<sub>i</sub> : jumlah data
- x<sub>i</sub> : skor tengah

(Subana, 2000, kc. 66)

g) Ngitung Standar déviasi (Sd). Rumusna nyaéta :

$$Sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i \cdot x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}}$$

h) Ngitung frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi (perkiraan) ku cara :

1. Nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 3.4  
Perhitungan *chi* kuadrat

No.	Interval Kelas	O <sub>i</sub>	Bk	Z <sub>itung</sub>	Z <sub>tabél</sub>	L	E <sub>i</sub>	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
$\Sigma$								

Keterangan :

- O<sub>i</sub> : frékuénsi observasi
- Bk : batas kelas
- Z<sub>itung</sub> : transformasi normal standar bébas kelas
- Z<sub>tabél</sub> : skor É tina tabél distribusi data normal
- L : lega kelas interval

Sarah Sri Rahayu, 2014

Modél Pangajaran Webbedpikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi :  
Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun  
Ajaran 2013/2014

$E_i$  : frékuénsi ékspéktasi ( $n \times$  luas  $E_{\text{tabel}}$ )  
 $\Sigma$  : jumlah

(Subana, 2000, kc. 125)

2. Nangtukeun  $O_i$ , nyaéta lobana data anu kaasup kana hiji kelas interval
3. Nangtukeun  $B_k$
4. Ngitung  $Z_{\text{itung}}$

$$Z = \frac{(B_k - \bar{x})}{sd}$$

5. Nangtukeun  $Z_{\text{tabel}}$
6. Ngitung ambahan legana unggal kelas interval ( $L$ )

$$L = \text{Selisih } Z_{\text{tabel}}$$

7. Ngitung  $E_i$  (frékuénsi ékspéktasi)

$$E_i = n \times L$$

8. Ngitung niléy *chi* kuadrat ( $\chi^2$ )

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i \cdot E_i)^2}{E_i}$$

Sarah Sri Rahayu, 2014  
Modél Pangajaran Webbedpikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi :  
Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun  
Ajaran 2013/2014

9. Nangtukeun derajat kabébasan (dk)

$$dk = k-3$$

(Sudjana, 2005, kc. 273-293)

10. Nangtukeun harga  $\chi^2_{\text{tabel}}$

11. Nangtukeun normalitas ngagunakeunkritéria :

Upama  $X^2_{\text{itung}} < X^2_{\text{tabel}}$  hartina distribusi data normal

Upama  $X^2_{\text{itung}} > X^2_{\text{tabel}}$  hartina distribusi data teu normal

### 3.1.7.2 Uji Homogénitas

Léngkah-léngkah pikeun ngitung uji homogénitas nyaéta:

a) Ngitung varian masing-masing kelompok, ku cara :

Variasi pratés

$$S1 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

Variasi postés

$$S2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 2005, kc.95)

*Sarah Sri Rahayu, 2014*

*Modél Pangajaran Webbedpikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi :  
Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun  
Ajaran 2013/2014*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

b) Ngitung harga variasi (F), ku cara :

$$F = \frac{\text{variasi anu leuwih gede}}{\text{variasi anu leuwih leutik}}$$

c) Ngitung derajat kabébasan (dk), ku cara:

$$dk = n - 1$$

d) Ngitung  $F_{\text{tabel}}$

e) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria:

Upama  $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabel}}$ , hartina variasi data homogén

Upama  $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabel}}$ , hartina variasi data teu homogén

(Sudjana, 2005, kc. 250)

### 3.1.8 Uji Gain

Uji gain dilaksanakeun pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara pratésjeung postés. Hasil tina uji gain bisa meunangkeun gambaran beda anu signifikan antara pratésjeung postés siswa dina nulis pangalaman pribadi sabada dibéré *treatment*. Rumusan pikeun ngajawab aya béda anu signifikan atawa henteu sabada dibéré *treatment* nyaéta:

Ha :  $\bar{X}_{\text{pratés}} \neq \bar{X}_{\text{postés}}$ , hartina aya béda anu signifikan antara jumlah rata-rata pratésjeung jumlah rata-rata postés.

Sarah Sri Rahayu, 2014  
Modél Pangajaran Webbed pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi :  
Studi Kuasi Éksperimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun  
Ajaran 2013/2014



$H_0$  :  $X_{\text{praté}} = X_{\text{postés}}$ , hartina teu aya béda anu signifikan antara jumlah rata-rata pratés jeung jumlah rata-rata postés.

Tabél 3.5  
Format uji rata-rata skor

No.	Ngaran Siswa	Aspék				$\Sigma$	S1	Aspék				$\Sigma$	S2	d	d <sup>2</sup>
		A	B	C	D			A	B	C	D				
$\Sigma$															

Keterangan:

A: éjahan

B: adegan bada

C: eusi

D: struktur eusi

$\Sigma$ : jumlah

S1: skor pratés

S2: skor postés

d : gain

### 3.1.9 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilaksanakeun pikeun ngajawab hipotésis mana anu ditarima jeung hipotésis mana anu ditolak, naha  $H_a$  atawa  $H_0$ . Dina nguji hipotésis, aya dua cara nu bisa digunakeun, nyaéta upama data hasil uji normalitas nunjukkeun yén hasil éta data téh miboga distribusi data anu normal, éta data téh diuji maké statistik parametris kalawan ngagunakeu uji t-tes. Upama data hasil uji normalitas nunjukkeun yén hasil éta data téh miboga distribusi data anu teu normal, éta data téh diuji maké statistik *non*-parametris kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

Sarah Sri Rahayu, 2014

Modél Pangajaran Webbed pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi : Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Statistik Parametris

Léngkah-léngkah dina nguji hipotésis ngagunakeun statistik parametris nyaéta:

a) Nangtukeun *mean* tina béda pratésjeung postés, ku cara:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

b) Ngitung derajat kabebasan (dk), ku cara:

$$dk = n - 1$$

c) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi, ku cara:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

d) Ngitung t ku cara:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

(Arikunto, 2010, kc. 350-351)

- e) Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria:
1. Upama  $t_{itung} > t_{tabel}$  hartina hipotésis ditarima, yén modél pangajaran *Webbed* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu taun ajaran 2013/2014.
  2. Upama  $t_{itung} < t_{tabel}$  hartina hipotésis ditolak, yén modél pangajaran *Webbed* teu éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu 2013/2014.
- 2) Statistik *Non-parametris*
- Tehnik nu dipaké dina statistik *non-parametris* nyaéta tehnik *Wilcoxon*. Léngkah-léngkahna nyaéta:
- a. Asupkeun skor pratés;
  - b. asupkeun skor postés;
  - c. itung béda antara pratésjeung postés ku cara skor pratés – skor postés;
  - d. tangtukeun jenjang ku cara ngurutkeun hasil béda ti mimiti pangleutikna nepi ka panggedéna;
  - e. upama aya skor anu sarua, pikeun nangtukeun jenjangna, éta skor téh dijumlah tuluy dibagi dua. skor hasil bagi mangrupa jenjangna;
  - f. asupkeun skor jenjang;
  - g. asupkeun nilai béda nu positif jeung négatif;
  - h. tingali kana tabél harga-harga kritis dina *Wilcoxon*. Upama jumlah  $n$  aya 10 kalawan ngagunakeun taraf kasalahan 5%  $W_{tabel} = 8$ .
  - i. Data nu geus diitung satuluyna diasupkeun kana tabél

Tabél 3.6  
Tabél uji *Wilcoxon*

No.	Ngaran Siswa	XA1	XB2	Béda	Tanda Jenjang		
				XA1-XB2	Jenjang	+	-

Keterangan :

XA1 : skor pratés

XB2 : skor postés

(Sudjana, 2005, kc. 453)

j. Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria:

- 1) Upama  $W_{itung} < W_{tabél}$  dumasar kana taraf nyata anu ditangtukeun, hartina  $H_a$  ditarima yén modél pangajaran *Webbed* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu taun ajaran 2013/2014.
- 2) Upama  $W_{itung} > W_{tabél}$  dumasar kana taraf nyata anu ditangtukeun, hartina  $H_a$  ditolak yén modél pangajaran *Webbed* teu éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu taun ajaran 2013/2014.

Sarah Sri Rahayu, 2014

*Modél Pangajaran Webbed pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi : Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2013/2014*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu